



Pou Piblikasyon Imedya: 08/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ALÈTE NOUYÒKÈ YO SOU POTANSYÈL ENPAK  
METEYOWOLOJIK NAN VIL NEW YORK, HUDSON VALLEY AK REJYON KAPITAL**

*Li posib pou gen loraj ak gwo lapli avèk alèt pou inondasyon rapid anvigè pou  
konte Orange, Rockland ak Sullivan*

*DEC ak pak Eta yo ap prepare pou enpak ki posib sou litoral la piske yo prevwa  
gen gwo onn akòz Siklòn Lary ki ka atenn kot lès la*

Gouvènè Kathy Hochul alète Nouyòkè yo sou enpak meteyowolojik ki posib piske gen loraj ki kap pwodui gwo lapli ki prevwa nan zòn Vil New York, Hudson Valley ak Rejyon Kapital eta a nan pita nan apremidi sa a epi rive jis nan aswè. Menas prensipal yo nan tanpèt sa yo se rafal van ki ka lakòz domaj ak lapli anplis nan zòn yo ki te gen inondasyon, espesyalman nan zòn iben, ki ba ak gen move drenaj. Ka gen tònad kout, izole tou pandan sistèm tanpèt la ap deplase nan lwès ale nan lès eta a.

Gouvènè Hochul te bay ajans yo nan eta a enstriksyon pou siveye ak prepare pou enpak sou kot la piske Siklòn Larry, ki aktyèlman ap vire nan lès Bermuda, ta dwe lakòz gwo onn nan Kot Lès Etazini, sa ki ka afekte litoral New York la pita nan semèn sa a.

"Nou temwen devastasyon douloure rès Siklòn Ida kite, pa pridans, n ap siveye depre tanpèt yo semèn sa a ak nenpòt enpak yo ta ka lakòz nan New York", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen egzòte Nouyòkè yo pou prepare pou nenpòt move tan ki ka pran direksyon nou epi pou siveye previzyon lokal yo".

Alèt sou inondasyon rapid te pibliye pou konte Orange, Rockland ak Sullivan depi apremidi an rive ta nan aswè. Loraj k ap deplase dousman ta ka deplase nan kèk pati nan sid Catskills jodi a epi gen potansyèl pou pwodui gwo lapli. Gen kèk kote ki ka resevwa 1 a 2 pous lapli nan yon peryòd kout. Konbinezon koondisyon sòl satire ak gwo lapli ka mennen nan debòdman rapi ak inondasyon rapid. Pou ou kapab jwenn yon lis konplè sou avi meteyo, alèt ak avètisman yo nan zòn ou an, vizite [sitwèb](#) Sèvis Meteyo Nasyonal (National Weather Service) la.

Dapre Sant Siklòn Nasyonal la, Larry pa ta dwe gen okenn enpak dirèk sou New York, malgre lè nou konsidere gwo siklòn nan, onn yo gen chans pwovoke vag ki menase lavi ak dechire kondisyon aktyèl yo sou kot lès la. Gouvènè Hochul te bay plizyè ajans nan Eta a enstriksyon pou siveye nenpòt enpak sou kot la.

## **Preparasyon Ajans**

### **Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services)**

Sant Operasyon Dijans Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta New York la rete aktive pou entèveni nan rès Siklòn Ida devastatè a epi ap siveye depre kondisyon meteyowolojik yo nan eta a. Divizyon an pral kowòdone nenpòt operasyon nesèsè ak rete an kontak avèk lokalite yo pandan semèn lan.

### **Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal**

Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (DEC) Eta New York la ap swiv depre tanpèt la pou enpak potansyèl sou liy kotyè New York la epi pral reyalize enspeksyon kotyè apre tanpèt pou evalye ewozyon ak enpak evantyèl sou pwojè ki aktyèlman ap dewoule yo. Anplis de sa, sou baz itinerè tanpèt la, DEC pral detèmine nesèsite pou fèmen kèk zòn pou anpeche rekòlt kristase. Preparasyon siplemantè yo ap fèt si yo prevwa itinerè tanpèt la ta dwe chanje.

### **Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation)**

Sovtè pak yo nan Eta a pral siveye regilyèman plaj yo pou kondisyon danjere. Naje entèdi kounye a akòz onn difisil nan Jones Beach, Pak Eta Robert Moses ak Hither Hills. Anplis de sa, anplwaye Pak Eta yo pral fòtifye yon mi sab pwoteksyon soti Lès Bathhouse rive Lwès Bathhouse atravè Pak Komèsyal Santral la, nan Pak Eta Plaj Jones lan, ansanm ak prepare sak sab si nesèsè nan Plaj Jones, ak Pak Eta Robert Moses ak Hither Hills.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou itinerè Siklòn Larry an ak enpak ki prevwa yo, ale sou sitwèb Sant Siklòn Nasyonal la [isit la](#).

### **Otorite Transpò Metwopoliten**

MTA a ap pran tout prekosyon ki nesèsè pou pwoteje rezo transpò li a kont gwo lapli pandan l ap kontinye bay sèvis an tout sekirite pou kliyan yo. Avèk tanpèt la ki prevwa afekte ba Hudson Valley, MTA ap konsantre atansyon li sou Metro-North Railroad epi ap travay depre ansanm kòm toujou avèk lòt ajans patenè lokal yo pou siveye kondisyon yo epi kowòdone avèk patenè lokal yo pou devlope plan prekosyon yo si sèvis yo ta afekte.

Nan tren yo, pèsònèl mentnans yo ap enspekte dren vwa yo nan zòn ki gen risk pou inonde yo, y ap verifye epi mete an plas yon seri ponp ak bwat kont tanpèt. MTA ankouraje kliyan yo pran plis prekosyon lè y ap vwayaje. Sa gen ladan kite tan vwayaj anplis, pran plis prekosyon lè ou ap mache sou platfòm yo ak eskalye yo, veye pou kondisyon glise yo ak rete veyatif pou branch bwa ak fil ki anlè yo.

## Otorite Pòtyè New York ak New Jersey (Port Authority of New York and New Jersey)

Otorite Pòtyè a ap siveye kondisyon meteyowolojik yo nan tout etablisman yo. Ajans lan pral pibliye alèt vwayaj regilye ak mizajou jan sa nesesè. Yo mande vwayajè yo ki itilize ayewopò Otorite Pòtyè yo pou rele davans konpayi yo pou sitiyasyon vòl yo nan ka move kondisyon meteyowolojik. Pou dènye enfòmasyon yo sou tout enstalasyon Otorite Pòtyè yo, tanpri tcheke rezo sosyal yo, enskri pou alèt PA yo oswa telechaje youn nan aplikasyon mobil PA yo.

### Konsèy Sekirite pou Move Tan

Prepare pou kondisyon meteyowolojik ki grav:

- Konn konte kote ou rete a epi non vil ki toupre yo. Yo bay avètisman sou move tan vyolan yo pa konte.
- Chèche konnen wout ki gen mwens danje a pou soti lakay ou oubyen biznis ou, pou rive sou teren pi wo ki pa gen danje sizoka ou dwe kite nan prese.
- Devlope epi pratike yon plan "evakyasyon fanmi" epi idantifye yon espas rankont si manm fanmi an vin separe.
- Fè yon lis detaye tout bagay ki gen valè tankou mèb, rad ak lòt objè pèsònèl. Kenbe lis la yon kote ki gen sekirite.
- Fè rezèv estòk ijans manje nan bwat, medikaman ak atik premye swen epi dlo potab. Estoke dlo potab nan veso pwòp ki byen fèmen
- Planifye sa w ap fè ak bèt ou gen nan kay la.
- Kenbe yon radyo pòtab, flach, batri anplis ak ekipman ijans pou fè manje sou men.
- Toujou gen gaz nan machin ou. Si kouran elektrik la koupe, estasyon gazolin ka p ap ka bay gaz pandan plizyè jou. Kenbe yon ti pwovizyon nan kòf machin ou sizoka ta gen katastwòf.

Kenbe twous katastwòf la sou men, avèk ladan:

- Flach ak pil siplemantè
- Radyo ki fonksyone ak batri ak batri ekstra yo
- Twous premye swen ak manyèl
- Manje ak dlo pou ijans
- Kle ki pa elektrik pou ouvri kanèt yo
- Medsin esansyèl yo
- Chekye, lajan kach, kat kredi, kat ATM

Pou plis konsèy sou sekirite, ale sou sitwèb Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services) Eta New York la nan [www.dhSES.ny.gov/oem/safety-info/index.cfm](http://www.dhSES.ny.gov/oem/safety-info/index.cfm).

###

Lòt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)